

Karaktè Bèje pou Pwofesè

James Baer

Petèt ou menm ki se yon pwofesè pa janm konsidere tèt ou kòm yon bèje. Se posib ou ta pito tit « Mèt » oubyen yonn ki pi enpòtan pase « Bèje ». Men, egzanp yon bèje ak mouton li yo kapab pi bon pou ou ak klas ou pase sa ou panse. Nan Jan 10, Jezi, pi gran pwofesè a ke lemond te janm genyen, te konpare tèt Li ak moun ki t'ap koute Li yo ak yon bèje e mouton li yo. O, ala bon sa ta bon pou nou bèje tankou Li te ye.

Ki kalite nou kapab aprann nan travay bèje Kris la ke nou dwe imite kòm pwofesè timoun ?

Jezi te pale sou Li menm kòm pòt mouton yo. Li te pale sou Li menm tou kòm antrè nan pòt la pou antrè nan pak mouton yo. Nan yon sans, chak pwofesè tou se yon pòt. Nou kanpe ant timoun e konesans, ant timoun e tablo a. Nou la pou ede yo aprann. Nou menm tou se moun ki te aprann e ki te dwe antrè nan pòt la. Nou te bezwen yon gid ak yon pwofesè pou ede nou antrè. Yo te louvri epi esplike nou anpil konesans.

Yon lòt kalite travay yon bèje se entimite avèk mouton yo. Jan 10:3, 4 di ke mouton yo konnen vwa bèje a. Anplis, bèje a konn rele yo pa non yo. Se pa yon relasyon lejè kote mouton an pèdi respè pou bèje a, men se devlopman yon relasyon kote yonn konprann lòt.

Aprantisaj fèt pi byen nan yon atmosfè ki pa gen tansyon. Chak timoun gen dwa pou genyen yon anviwònman aprantisaj kalm kote tout timoun santi lamou ak asepsasyon. Ou pa dwe gen timoun nan klas ou ki santi yo pou kont yo. Ki jan yon mouton kapab santi li pou kont li lè bèje a ap pran swen li ? Devlope kalite bèje sa a pou chak timoun ou anseye. Angaje ou pou toujou pale dirèkteman ak chak timoun epi rele yo pa non yo. Angaje ou pou renmen yo pou sa yo ye, olye pou kantite pwen yo fè.

Twazyèm kalite nan travay yon bèje se mennen mouton yo. Mouton toujou swiv bon lidè. Anreyalite, yo va pouse yon bon bèje ki plen lamou. Se pou ou yon egzanp kòm jeran. Elèv yo pa dwe santi ou ap pouse yo. Yo dwe santi ke y'ap swiv lidè a. (Lidè a ap mache devan yo).

Yon bis touris t'ap vwayaje atravè peyi Izrayèl. Gid la te montre touris yo plizyè twoupo mouton nan savann nan sou tout bò wout la. Li te montre yo ki jan bèje yo toujou mache devan epi kouman mouton yo te swiv yo.

Men, nan yon baryè, yon nonm t'ap pouse kèk mouton, li t'ap bat yo ak baton li, e mouton yo pa t' kolabore avèk li. Yonn nan vwayajè yo te mande : « Sa k'ap pase la a ? Poukisa l'ap pouse yo ? » Gid la te reponn : « Li pa yon bèje, li se yon bouche ».

Yon bon pwofesè mennen timoun yo nan jwa ak aprantisaj. Si ou jwenn ou ap pouse yon timoun devan ou, kanpe epi rekòmanse ; mennen li pito. « Men, yo p'ap

swiv yon moun yo pa konnen. Okontrè, y'ap kouri byen lwen li paske yo pa rekonèt li » (Jan 10:5).

Katriyèm kalite travay yon bèje se senpleman pou li bon. Jezi te di : « Mwen se bon bèje a ». Elèv yo kapab santi bonte nan pwofesè yo. Si ou va ede timoun yo pou yo bon, ou menm tou dwe bon—pa senpleman yon bon pwofesè, men yon moun ki moralman bon, totalman bon. Timoun bezwen direksyon pou devlope bonte. Yo bezwen egzanp bonte nan lespri, bonte nan pwòpte, bonte nan konvèsasyon e nan kondwit, bonte nan abitud e nan atitud.

Yon lòt karakteristik travay yon bèje se pwoteksyon. Nou veye pou chen mawon ki se karaktè neglijan ak move abitud. Karaktè sa yo mache tou dousman pou vin vòlè kè timoun yo. Nou dwe pran swen mouton nou yo. Valè yo nan je Bondye depase konprann nou. Se poutèt sa nou dwe pwoteje yo.

Kouman nou kapab yon pòt, yon vwa, yon lidè ak yon pwotektè ki pi bon ?

Pou kòmanse, mande Bondye pou l' beni chak timoun ki anba swen ou. Lapriyè pou chak timoun pa non yo. Lapriyè ak yo nan moman difisil. Montre yo bonte nan lapriyè.

Ensiste sou bon disiplin ak lòd. Menm jan pa dwe gen rebelyon nan mitan mouton yo, se konsa pa dwe gen rebelyon nan mitan elèv yo. Yon pwofesè ki fatige nan discipline ap senpleman prepare chemen pou elèv mekontan e dezòd sou teren jwèt.


Se pou ou janti e bon. Bande yon kè blese nan menm fason ou vlope yon bandaj otou yon dwèt ki blese. Lonje men ou nan renmen menm sila yo ki pa montre lamou. Fè yo konprann san okenn dout ke ou pre pou ba yo tan ak fòs ou, wi, menm lavi ou pou yo, tankou Jezi ta fè.

Avèk sila yo ki reziste efò ou, pa sèlman fè de (2) kilomèt ak yo. Fè tout chemen an ak yo.

Mwen te gen anpil pwofesè. Mwen toujou sonje e renmen sila yo ki te tankou tout egzanp nou te site yo. Se posib kèk nan yo pa t' menm kreyen. Men, yo te gen yon kè bèje. Yo te vle sa ki pi bon pou mwen. Yo te vrèman vle mwen aprann e yo te vrèman enterese lè mwen pa t' sou sa. Yo te lonje men yo pou pataje san rezèv. Mwen toujou sonje non yo, e mwen panse se posib yo sonje non mwen si yo toujou vivan.

Nou menm pwofesè nou kapab kite yon enfluyans dirab e yon eritaj travay yon bèje pou anpil jenn lavi. Annou okipe nou pou vin pi bon bèje a. Annou kite travay bouche a pou lòt moun.

Atik sa a soti nan *The Christian School Builder*, Feb. 2009
Rod and Staff Publishers, Inc.
Itilize avèk pèmisyon



Limye Pou Lekòl La

Janvye - Fevriye 2010

Anvan Klòch la Sonnen nan Maten

Daniel Sweigart

Frè Mak te tande bri yon machin k'ap mache sou ti wòch yo nan wout la devan lekòl la. Li te gade nan revèy la sou mi klas la. Li te deja gentan uitè kenz! Li te reflechi sou tout sa li te gen pou fè toujou. Li te panse avèk regrè : « Men, mwen toujou gen twòp bagay pou mwen fè anvan lè pou lekòl kòmanse a ».

Bip-bip-bip! Frè Etyèn te vire nan kabann li e fèmen alam revèy la pou yon twazyèm fwa. Li te pantan nan dòmi. Li te gentan setè! Li te sote nan kabann li e prese prepare l' pou yon lòt jou lekòl. Li te gade Bib li ki te kouche sou tab denwi li avèk kilpabilite. « Mwen panse preparasyon devosyon lekòl la va pran plas devosyon pèsònèl mwen maten an ankò », li te deside nan yon efò pou konsole konsyans li.

Anvan lontan elèv yo pral kòmase rive nan Lekòl Kreyen Fond de Paix. Sè Janis te prese ekri nan pil fèy devwa elèv yo ki te devan li. Li te mal alèz ak kantite fèy yo ki te toujou devan li. Touswit li te tande yon vwa devan li, li te gade. Malin, yon timoun klas twazyèm ane t'ap pale ak kè kontan : « Mèt, devine kisa nou te jwenn nan pak bèt nou an yèswo! Yon nich ki te gen sis chat tou piti ».

Sè Janis te depoze plim li e souri bay timoun nan. Li te di : « Bèl bagay! Èske ou pral ba yo non ? »


Kit ou pare kit ou pa pare, uitè trant toujou vini, li siyale depa yon nouvo jounen klas. Pou yon pwofesè, sa vle di li bezwen kanpe devan klas la tou pare pou l' anseye. Elèv yo vini lekòl e annik panse ke ou pare pou gide yo nan ekwasyon aljèb difisil yo e nourri yo ak yon pòsyon mèvèy biyoloji.

Malerezman, se pa tout tan pwofesè gentan pare tout bon ? Poukisa ? Yon kòmansman ta ? Twòp

lòt aktivite yèswo ? Mank efikasite ? Difikilte ki pa t' prevwa ? Rezon yo kapab anpil e divès. Men, se ou menm ki anchaj. Se ou ki pwofesè a. Èske ou pèmèt elèv ou yo bay eskiz pou devwa mal fèt ? Se posib pou repons la se non. Men, poukisa ou fè elèv yo enjistis sa a, lè ou menm tou ou pa prepare pou vin travay ak yo ?

Kouman mwen kapab prepare m' lè klòch la Sonnen nan maten ? Se kòmanse jounen an avèk Bondye. Kouman mwen kapab fè fas avèk responsabiltè pou nourri jenn nanm yo pou wayòm nan si mwen pa premyèmman chache wayòm Bondye a mwen menm ? Pa tonbe nan abitud fè preparasyon devosyon lekòl la ranplase devosyon pèsònèl pa ou. Paske, devosyon pèsònèl vle di yon bagay pèsònèl—ant ou menm sèl e Bondye. Nan prepare devosyon lekòl, Bondye ap plen ou ak enspirasyon pou bay lòt yo.

Kouman mwen kapab prepare lè klòch la Sonnen nan maten ? Se pou ou gentan byen dòmi anvan ou antrè nan klas la. Dòmi rafrech li lespri a; donk yon pwofesè bezwen dòmi anpil. Èske ou te janm panse sou elèv ou yo ki tout tan sanble fatige e yenyen ? Èske ou te janm panse ke petèt yo senpleman reflekte pwofesè yo ? « Medsen, geri tèt ou »!



Kouman mwen kapab prepare lè klòch la sonnen nan maten ? Kòm abitud, se pou ou gen yon lide nan lespri ou pou devosyon demen maten anvan demen maten rive. Odinèman yon devosyon ki prepare a uitè vennsenk gen mwens enspirasyon ak direksyon pase yon devosyon ki te prepare nan sèvo a depi anvan. Kòmanse yon seri devosyon. Kòm egzanp, kòmanse yon seri sou dis fleyo peyi Ejipt yo e etidye yon fleyo chak jedi maten. Sa elimine kèk presyon nan preparasyon mèkredi apremidi ak sware a. Ou kapab genyen yon lis devosyon ki te deja prepare nan men ou tou pou maten yo lè ou pa gen tan. Devosyon ki byen prepare va mennen jounen lekòl la nan yon bon direksyon.

Kouman mwen kapab prepare lè klòch la sonnen nan maten ? Sonje, lè uitè trant rive, ou dwe anseye. Tan preparasyon leson fini e ou sou travay. Si ou gen yon leson syans eksperymantral ki pa t'etidye, konsidere tèt ou anreta menm si kou syans eksperymantral sa a va fèt nan dezèdtan. Yon bon jan pwofesè p'ap etidye vit kòm abitud pandan jounen an pou pwochen kou a. Antre nan klas la a uitè ak preparasyon ou byen fèt va fè elèv yo fè ou konfyans.

Ou responsab pou elèv ou yo lè yo rive nan lekòl la. Paran ou yo konte sou sa lè yo mennen timoun yo lekòl la. Èske elèv ou yo konnen kisa ou espere nan men yo

lè yo rive lekòl la ? Kèk pwofesè pèmèt etidyan yo ale sou teren jwèt la pou al jwe, si yo antre nan lòd e alè. Si ou fè sa, sonje ke ou toujou responsab. Ou dwe konnen kondwit ak aktivite elèv ou yo. Gen lòt pwofesè ki fè elèv yo antre dirèkteman nan klas yo lè yo rive nan lekòl la. Ankò, asire ou ke yo gen kèk aktivite ki itil. Yon ti jwèt ki dousman andan klas la se yon aktivite ki gen valè. Sonje byen ke lè moun rete san fè anyen sa se zouti dyab la. Pa pèmèt kondwit nwizib oubyen foli pran kontwòl ou—se yon move ankadreman lespri pou kòmanse jounen an.

Mete ou disponib pou elèv ou yo lè yo rive. Fè sa yon priorite pou ou nan klas la lè yo antre. Montre elèv ou yo ke ou kontan pou prezans yo ak yon bèl « Bonjour! » Ou p'ap ka fè sa byen si nen ou foure nan yon leson ke ou poko fin konprann nèt. Se pou ou mete ou pre pou tandè Malin, timoun nan klas twazyèm ane a ki ap esplike dekouvèt ti chat li yo. Disponib se yon luil ki kenbe klas la mache byen.

Klòch la sonnen. Li uitè trant. Èlèv ou yo nan ban yo ap gade ou. Leve sou chèz ou ak kè kontan, ak yon elan nan mach ou epi gade yo avèk konfyans ki vini lè ou te byen prepare pou yon lòt jounen lekòl.

Atik sa a soti nan *The Christian School Builder*, Jan. 2009
Rod and Staff Publishers, Inc.
Itilize avèk pèmisyon

Anseye Onètete ak Verite

Wilmer Ebersole

Benjamin Franklen te di yon fwa : « Onètete se pi bon règ ». Yon fwa mwen te wè yon siy ki te di : « Pa gen pi gran eritaj pase onètete ». Nou pa anseye onètete paske lòm di li pi bon men, okontrè, paske Bondye ensiste sou li. Bondye se verite; se vre, Bondye rayi manti. Yon fen efreyan e etènèl ap tann tout mantè (Revelasyon 21:8).

Po flè a te kouche atè a lè manman timoun yo te antre nan chanm nan. Kat timoun yo te rasanble otou li. Kouman manman an va jwenn kilès ki te lage po flè a atè ? Li mande : « Kilès nan nou ki te jete po flè a atè ? » Chak timoun te reponn : « Se pa mwen ».

Kesyon manman an se yon tès pou timoun nan ki te jete po flè a atè a. Li kapab reflechi rapidman. Li gen yon chwa pou li fè. Si li di verite, li kapab pini, e sa ap

fè mal. Lòt chwa a se pou bay manti. Petèt li kapab evite pinisyon an.

Manman an te konnen ke gen yonn ladan yo k'ap bay manti. Kounyeya kisa pou l' fè ? Apre li te pale ak chak timoun pou kont yo pou yon ti tan, manman an te dekouvri ke se te David ki gen katran.

Kounyeya de (2) moun vin responsab. David te responsab pou bay verite a. Li te bay manti e fè kounyeya li santi li koupab. Ala lou sa lou ! Soufrans kilpabilite a pi gwo pase pinisyon li te pè a. Manman an tou kounyeya vin responsab pou wete kilpabilite a. Petèt David pa merite pini poutèt po flè a ki atè a, men li merite pini poutèt li te bay manti.

Paran dwe ankouraje pitit yo rekonèt fot yo anvan yon

konfwontasyon nesèsè. Nou dwe fè atansyon ak metòd nou itilize pou jwenn verite a. Fason nou poze kesyon kapab swa ankouraje oubyen dekouraje onètete. Lè nou veye ak swen sou konpòtman ak aksyon, yo kapab revele kilpabilite anvan lontan.

Poukisa nou bezwen anseye onètete ak verite ? Nati peche lòm va toujou pouse li pou li chache nenpòt sa ki fè tèt li plezi ak sa ki va pwoteje repitasyon li. Manti vini fasilman. Nati sa a ki nan tout moun depi yo fèt lite kont verite a. Se poutèt sa, onètete dwe anseye.

Kisa nou bezwen anseye ? Nou bezwen anseye timoun yo ke manti pa bon e ke yo va pini si yo bay manti. Anpil moun kwè ke kèkfwa yon « ti » manti nesèsè epi li pa anyen. Ti manti pa janm inosan epi l' toujou pa bon. Timoun bezwen aprann ke rekonpans onètete pi gwo pase nenpòt soufrans oubyen imilyasyon li kapab pote. Onètete leve karaktè yon moun, pandan manti desann li.

Kèkfwa yon timoun twazan rakonte yon bèl ti istwa. Paran etone pou abilite imajinasyon li. Pafwa yon timoun kapab bezwen pou nou gide li soti nan lespri imajinè li.

Kèkfwa yon timoun kapab domaje yon bagay ki pou yon lòt moun men se pa espre. Nou konnen sa dwe ranje. Fason yon paran itilize pou ranje yon domaj va fè yon enpresyon sou pitit li. Li bezwen egzanp yon moun ki fè tankou Zache : remèt kat fwa plis.

Lè nou pèmèt yon timoun itilize gid pwofesè a pou ranpli kesyon yo ki nan yon leson lekòl dimanch, sa va ankouraje malonètete.

Kilè pou kòmanse anseye timoun onètete ? Se lè yo tou piti li pi bon ! Timoun yo responsab devan paran yo jistan yo vin responsab devan Bondye. Se lè yon timoun jenn, li pi fasil pou fòme yon bon karaktè nan li. Paran ki neglije responsabilite yo pandan tan sa a bay tèt yo plis travay lè timoun yo vin pi gran. Timoun ki aprann onètete pandan yo jenn vin moun ou ka fè konfyans. Tantasyon pou bay manti mache ak yon moun pou tout lavi li. Poutan aprann abitud onètete bonè se yon gran èd pou viktwa fiti.

Kouman onètete anseye ? « Lè yon papa se moun serye, li fè sa ki dwat. Sa bon nèt pou pitit li yo » (Pwovèb 20:7). Lè timoun wè egzanp prensip bibliks konsa, sa ankouraje yo mache ak prensip bibliks tou. « Pa bay frè nou yo manti. Paske nou voye vye moun nou te ye a jete ak tout vye mès li yo » (Kolosyen 3:9). Lè papa ak manman pa bay manti, timoun yo gen bèl egzanp pou yo swiv. Lè timoun wè sa k'ap pase epi tandè sa paran yo ap rakonte yo, yo kapab aprann kouman pou yo

onèt oubyen malonèt. Anvan lontan yo deside kouman onètete enpòtan pa mwayen fason paran yo rakonte detay bay lòt moun.

Paran bezwen bay lòt moun yon bon mezi nan komès. « Senyè a pa vle wè moun k'ap sèvi ak fo balans. Li kontan ak moun ki sèvi ak bon mezi » (Pwovèb 11:1). Yon timoun ka konprann si yon mezi pa fin bon san nou pa di li anyen. Li pa onèt pou fè yon moun k'ap achte peye plis pase valè machandiz la. « Lè moun ap machande, machandiz pa janm bon. Fini yo fin achte, y'ap mache di jan yo fè yon bon zafè » (Pwovèb 20:14).

Kèkfwa paran kapab pa fin konprann si yon timoun ap bay verite a. Petèt li pa t' bay yon manti, men fason li te di l' fè moun mal konprann li. Kouman nou kapab dekouvri si li te onèt ? Nou kapab poze kesyon : « Kisa ou te di ? Kisa ou t'ap panse ? Èske ou te vle yo konprann li konsa ? Èske ou t'ap eseye twonpe ? » Menm si repons kesyon sa yo te bon, yon moun kapab bezwen eklèsi sityasyon an ak eskiz oubyen redeclare sa ki te di a. Sansibilite pou onètete pi bon pase yon atitud neglijan konsènan detay.

Nou vle pwoteje konsyans sansib pitit nou. Souvan nou kapab konnen si yon bagay twouble pitit nou. Fason nou ede yo rezoud manti oubyen malkonprann yo va bati yon bon konsyans oubyen kraze li. Nou dwe ale avèk yo kote moun ki konsènen yo pou ranje zafè yo. Li pi bon pou ale ranje zafè yo menm si yo soufri pou sa, olye kite sa tache konsyans yo.

Tann jis pita va fè restitasyon pi difisil epi kite konsyans la mwens sansib. Pran tan ou pou jwenn solisyon lit timoun ou yo pou yo kapab konplètman onèt. Wi, papa, sa kapab mande nou fè yon apèl telefòn. Sa kapab mande nou pèdi kèk tan pou ale ak yo pou retounen yon bagay oubyen pou esplike verite a. Repons nou pou pwoblèm timoun nan ki pa anpè va di yo ki jan yon konsyans klè enpòtan. Nou pa dwe repoze jistan timoun nan gen kè poze ak kè kontan. Kè kontan montre nou ke konsyans la klè ankò. Yon konsyans ki byen antrene va chache repo e konprann jwa li pote.

Onètete se sèl chemen pou yon konsyans klè. Nou vle ede pitit nou yo kenbe yon konsyans « ki san ofans anvè Bondye e anvè lèzòm ». Kenbe yon konsyans klè nan je Bondye se bagay ki pi enpòtan. Nan yon monn kote moun pa bay onètete valè, annou dilijan pou anseye li plis toujou.

Atik sa a soti nan *Home Horizons*
Eastern Mennonite Publications
Itilize avèk pèmisyon